

Kesyon Souvan Poze

Swivi Depistaj Odisyon Bebe ki Fenk Fèt

Deteksyon ak Entèvansyon Odisyon Bonè (*Early Hearing Detection and Intervention*) (EHDI) www.hearing.in.gov (317) 232-0972




Lopital la di bebe mwen “refere (referred)” sou depistaj odisyon bebe ki fenk fèt la, kisa “refere” vle di?

Refere vle di pap w PA reyisi depistaj odisyon bebe ki fenk fèt la. Sa pa vle di definitivman pitit ou gen pèt odisyon men li vle di plis depistaj kritik pou detèmine estati odisyon pitit ou.

Depistaj swivi a dwe fèt anvan laj 3 mwa sinon sedasyon ka obligatwa pou yo fè depistaj la.

Lopital la te sipoze refere w dirèkteman kote yon odyològ nan zòn ou an ki ekipe e eksperimente nan depistaj odisyon pou ti bebe. Gen yon lis odyològ nan eta a ka ki fè depistaj pou bebe sou sitwèb nou an www.hearing.in.gov (lis la make “Comprehensive and Limited Audiology Provider Facilities”)



Kisa ki yon odyològ?

Yon odyològ se yon founisè swen sante ki gen lisans (avèk degre doktora oubyen metriz) ki gen edikasyon an, fòmasyon an ak ekipman espesyalize pou fè depistaj e soude pèt odisyon epi fè rekòmandasyon nesès pou swivi. Se pa tout odyològ ki ekipe ak eksperimente pou yo bay depistaj pou ti bebe.

Wa jwenn yon lis founisè odyoloji nan tout eta Indiana a ki ka fè depistaj odyoloji pou bebe ak timoun sou sitwèb nou an sou www.hearing.in.gov. Lis odyològ la parèt anba FAMILY RESOURCES” epi li make “Comprehensive and Limited Audiology Provider Facilities”.

Bebe mwen reyaji ak gwo bri, èske li bezwen depistaj toujou?

Odisyon se pa yon kesyon “tout oubyen anyen ditou”. Genyen nivo diferan nan pèt odisyon. Menm si bebe w ka tande gwo bri fò oubyen vwa w lè w toupre li, li kapab petèt pa tande son nan nivo dou oubyen mwayen oubyen lè moun pale. Son nan lapawòl nou gen nivo fòs diferan. Yon timoun ak pèt odisyon ka petèt sèlman tande yon pati nan mo (sètadi li ka petèt sèlman tande “a” nan yon mo tankou “sat”). Yon egzamen odyoloji (depistaj odisyon) ta sipòte fèt distans pou bebe w gen laj twa mwa.




Èske pèt odisyon ak soudite bagay ki komen?

Pèt odisyon se youn nan kondisyon pi komen ki ka idantifye depi nesans e li prezan nan 1-3 bebe nan chak mil. Epitou, genyen faktè risk ki mete timoun sou risk pou yo devlope pèt odisyon pita nan anfans li. 90% timoun ki fèt soud oubyen mal pou tande fèt nan fanmi ki pa gen lòt moun ki soud oubyen mal pou tande, konsa li enpòtan pou fè bebe w fè depistaj menm si pa gen antededan nan fanmi w.



Bebe mwen poko pale, donk m pa prese pou m wè si li fè pèt odisyon. Nou pa ka fè depistaj ankò pita si nou remake yon bagay?

Menm si timoun pa kòmanse repete premye mo yo jiska yo pi pre laj 12 mwa, yo KOUTE depi moman yo fèt. Mwa bonè sa yo nan koute kritik pou devlopman fonksyonman sèvèl la ak devlopman konpetans òtofonni. Pa egzanp, yo ka tande w repete “mama”, “dada” oubyen “babay” konbyen santèn fwa anvan yo repete li yo menm. Se nan tande mo anpil fwa yo aprann repete yo. Pi bonè yo detekte pèt odisyon an nan yon bebe, pi bonè li ka kòmanse ap resevwa sèvis pou li amelyore pale li, langaj li ak aprantisaj li.



Mwen pa gen asirans. Kòman m pral peye depistaj odisyon an? Konbyen li koute?

Medicaid ak pi fò plan asirans sante prive kouvri pri depistaj odisyon an ak tout depistaj an konsekans jouk bebe a gen laj 24 mwa. Se pou w konfime pri evalyasyon an avèk founisè a lè w mete randevou a. Epitou, genyen kèk kote nan Indiana ki founi depistaj gratis oubyen sou echèl glisan. Gen yon lis founisè odyoloji nan Indiana ki ka teste bebe apre depistaj odisyon pou bebe ki fenk fèt ki sou sitwèb nou an sou www.hearing.in.gov.

Èske depistaj la ap toujou presi si bebe mwen gen likid andedan zòrèy li?

Wi, depistaj la ka fèt toujou. Depistaj espesyal pral detèmine si pèt odisyon soti nan likid la oubyen se gen yon pèt odisyon pèmanan. Bebe w ka petèt bezwen depistaj repete pou detèmine odisyon li apre pwoblèm likid la rezoud epi tou pou asire si likid la fin ale.

Si bebe mwen te reyisi pou youn zòrèy, èske li bezwen depistaj toujou?

Absoliman! Pèt odisyon nan youn zòrèy pa afekte pale, langaj ak aprantisaj. Sa a vin pi evidan nan gwoup oubyen nan sityasyon kote gen anpil bri. Li afekte kapasite yon timoun pou li konnen nan ki direksyon son yo ap soti, konsa konnen si yon timoun gen yon pèt nan youn zòrèy se yon kesyon sekirite tou.



Epitou, pèt odisyon nan youn zòrèy mete timoun sou risk pou li devlope pèt nan lòt zòrèy la tou konsa li enpòtan pou kontwòle nivo odisyon nan toude zòrèy yo.

Pwogram Deteksyon ak Entèvansyon Odisyon Bonè a (*Early Hearing Detection and Intervention*) (EHDI) nan Ministè Sante Eta Indiana a pran angajman ak objektif eta a ak nasyonal la ki se “1-3-6”. EHDI te asiye tach asire chak bebe ki fèt Indiana resevwa depistaj odisyon distans pou li gen laj 1 mwa, si yo pa reyisi depistaj odisyon bebe ki fenk fèt la, resevwa yon egzamen odyoloji dyagnostik distans pou li gen laj 3 mwa, ak si yo idantifye li kòm soud oubyen mal pou tande, anwole nan sèvis entèvansyon bonè anvan li gen laj 6 mwa. Ekip nou an ka soutni ak ede paran yo ak founisè swen sante yo nan pwosesis depistaj odisyon bebe ki fenk fèt ak sèvis swivi yo.

yo. Tanpri kontakte youn nan konsiltan paran nou yo ak tout kesyon konsènan depistaj odisyon pou bebe ki fenk fèt ak sèvis swivi yo.

Konsiltan Paran EHDI:

Lisa Wolfe | lwolfe@health.in.gov | 317-232-0886
Julie Swaim | jswaim@health.in.gov | 317-232-0888

